



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOPRIYASYON DIJANS KI EVALYE A 40 MILYON DOLA POU SIPÒTE PÈSONÈL AK EKIPMAN DOH YO POU REPONN AK POTANSYÈL NOUVO EPIDEMI CORONAVIRUS LA

Gouvènè a pral pwopoze lejislasyon pou akòde komisè DOH la otorite pou asire mezi entèvansyon apwopriye k'ap soti nan departman sante lokal yo ak nan lopital piblik ak prive yo nan tout Eta a

DOH pral òganize konferans avèk departman sante lokal yo ak lopital yo nan tout Eta a pou revize pwotokòl, pi bon pratik ak pwosedi yo

Mande pou Gouvènman Federal la apwouve otorizasyon pou ijans pou laboratwa sante piblik Wadsworth ak NYC pou teste viris, pèmèt Eta a akselere pwosesis ak jwenn rezilta pi vit

DOH pral travay avèk MTA a, Otorite Pòtyè ak operatè ayewopò li yo, ak mendèv respektif otorite yo pou asire travayè yo gen fòmasyon ak aksè ak founiti yo bezwen pou yo kontinye opere sistèm transpò komen ak ayewopò yo

Toujou pa gen ka pou nouvo coronavirus la ki konfime nan Eta New York

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon afektasyon ki evalye a 40 milyon dola pou Departman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York pou anboche anplwaye anplis, achte ekipman ak nenpòt lòt resous ki nesesè pou reponn a potansyèl nouvo epidemi coronavirus lan. Gouvènè a pral pwopoze tou lejislasyon pou akòde otorite bay komisè DOH la, Dtè. Howard Zucker pou asire ke departman sante lokal yo ak lopital piblik ak prive yo nan tout eta a pran kèk aksyon ak mezi pou reponn a nouvo epidemi coronavirus la jan sa nesesè. DOH pral reyini departman sante lokal yo ak lopital yo nan tout eta a pou revize pwotokòl, pi bon pratik ak pwosedi yo pou ede asire ke yo prepare pou konbat pwopagasyon nouvo coronavirus lan.

Gouvènè a ap mande tou pou gouvènman federal la otorize Laboratwa Sante Piblik NYC ak Wadsworth Center pou teste viris la, pou pèmèt kapasite tès elaji ak rezilta tès rapid. Eta New York travay yon fason endepandan pou devlope ak valide yon tès pandan li itilize pwotokòl CDC a. Lè yo fin apwouve FDA, Wadsworth ka kòmanse fè tès la imedyatman pou sipòte Eta New York ak lòt eta yo ki nan rejyon nòdès la si sa nesesè.

Anplis de sa, DOH pral travay avèk MTA a, Otorite Pòtyè (Port Authority) ak operatè ayewopò li yo, ak mendèv respektif otorite yo pou asire travayè yo gen fòmasyon ak

aksè ak founiti nesèsè, ki gen ladan ekipman netwayaj ak pwoteksyon yo bewen pou yo kontinye opere sistèm transpò komen ak ayewopò yo. Eta a ap kowòdone tou ak tout ajans eta a yo pou ede asire ke yo prepare pou reponn a potansyèl nouvo epidemi coronavirus lan.

"Pandan n'ap konstate nouvo coronavirus lan apapiye nan nouvo peyi atravè mond lan, nou ap kontinye pran tout prekosyon nesèsè pou pwoteje Nouyòkè yo kont viris danjere sa a nan New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Byenke toujou pa ko gen okenn ka nouvo coronavirus la ki konfime nan New York, aksyon agresif sa yo gen ladan 40 milyon dola nan finansman ijans ki pral ede asire ke sistèm swen sante nou an ekipe ak anplwaye, founiti ak ekipman ki nesèsè yo bezwen pou reponn a nenpòt sityasyon ijans ki ka rive alavni."

Jiska jodi a, yo voye echantyon ki soti nan 27 Nouyòkè bay Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo pou teste, 26 rounen ak reziltta negatif epi gen youn ki toujou annatant. Toujou pa gen ka nouvo coronavirus la ki konfime nan Eta New York.

Byenke pa gen vaksen kont nouvo coronavirus la, mezi prevantiv chak jou yo ka ede sispwann pwopagasyon sa ak lòt viris respiratwa yo:

- Lave men ou souvan ak savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Si pa gen savon ak dlo ki disponib, itilize dezenfektan pou men ki abaz alkòl.
- Evite touche je, nen ak bouch ou avèk men ki pa lave.
- Evite kontak pre ak moun ki malad.
- Rete lakay ou lè ou malad.
- Kouvri tous ak etèniman ou ak yon papye, apre sa jete papye a nan poubèl.
- Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas ou touche souvan.
- Moun ki santi sentòm yo e ki ka te vwayaje nan zòn ki konsène yo oswa ki ka te an kontak ak yon moun ki te vwayaje nan zòn sa yo ta dwe rele pwofesyonèl swen sante yo a alavans anvan yo prezante pou trètman.

Nouyòkè yo ka rele liy asistans Eta a nan 1-888-364-3065, kote ekspè yo nan Depatman Sante ka reponn kesyon yo konsènan nouvo coronavirus la. Anplis de sa, Depatman an gen yon [sitwèb dedye](#) ki te kreye kòm yon resous ki gen enfòmasyon ajou pou Nouyòkè yo. Depatman an te lanse de anons sèvis piblik (PSAs) sou nouvo coronavirus la, youn ki mete aksan sou Komisè Sante Eta a Doktè Howard Zucker ak yon lòt ki gen enfòmasyon jeneral, ki disponib nan plizyè lang nan tout eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)